

Chanjman Enpòtan nan Kantite Moun nan Fanmi pou Pwogram Ekonomik Medicare nan Florid (Medicare Savings Programs)

Oktòb 2025

Florid fèk adopte yon chanjman pozitif nan jan yo detèmine kalifikasyon pou Pwogram Ekonomik Medicare yo (Medicare Savings Programs - MSP). Chanjman sa a gen rapò ak fason yo kalkile kantite moun ki rete nan yon kay pou etabli limit revni pou yon MSP; sa pral rann plis moun kalifye pou MSP pase anvan. Tanpri li enfòmasyon ki anba yo pou plis detay.

Kisa yon Pwogram Ekonomik Medicare (MSP) ye?

Yon MSP ede peye prim Medicare Pati A (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal). Yo ka peye tou dediktib, ko-asirans, ak kopeman pou Pati A ak Pati B.

Ki diferan MSP ki genyen nan Florid?

- **Benefisyè Medicare Kalifye (Qualified Medicare Beneficiary - QMB):** Disponib pou moun ki gen yon estati imigrasyon ki kalifye, ki enskri nan Medicare Pati A, epi ki satisfè sèten kritè revni ak asèt (resous). QMB kouvri prim Medicare, ko-asirans, ak dediktib pou moun ki kalifye yo. Founisè yo pa gen dwa voye bòdwo bay moun ki enskri nan QMB.
- **Benefisyè Medicare ki gen ti Revni (Specified Low-Income Medicare Beneficiary - SLMB):** Disponib pou moun ki gen yon estati imigrasyon ki kalifye, ki enskri nan Medicare Pati A, epi ki satisfè sèten kritè revni ak asèt. SLMB kouvri prim Medicare Pati B pou moun sa yo.
- **Endividi ki Kalifye 1 (Qualifying Individual 1 - QI-1):** Disponib pou moun ki gen yon estati imigrasyon ki kalifye, ki enskri nan Medicare Pati A, ki satisfè sèten kritè revni ak asèt, epi ki pa kalifye pou okenn lòt benefis Medicaid konplè.

Ki jan yo kalkile kalifikasyon pou MSP?

Pou detèmine kalifikasyon MSP, Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children & Families - DCF) evalye revni yo konte a (anplis kondisyon teknik ak limit asèt yo) pou moun k ap aplike a, epi li konpare revni sa a ak limit ki aplikab la. Kantite moun nan fanmi (oswa nan kay) moun k ap aplike a detèmine ki limit revni y ap itilize.

Anba la a gen yon tablo ki montre limit revni pou chak kantite moun nan fanmi. Jan tablo a montre sa, limit revni pou yon moun ki gen kat (4) moun nan fanmi li se \$2,680 pou QMB, \$3,215 pou SLMB, ak \$3,617 pou QI-1.

Gwosè Fanmi	QMB	SLMB	QI1	Limit Byen MSP	LIS (Sibvansyon pou ti Revni)	Limit Byen LIS
FPL (Nivo Mizè Federal)	100%	120%	135%		150%	
Endividi	\$1,305	\$1,565	\$1,761	\$9,660	\$1,957	\$16,100
Koup/2 moun	\$1,763	\$2,115	\$2,380	\$14,470	\$2,644	\$32,130
3	\$2,221	\$2,665	\$2,999		\$3,332	
4	\$2,680	\$3,215	\$3,617		\$4,019	
5	\$3,138	\$3,765	\$4,236		\$4,707	
6	\$3,596	\$4,315	\$4,855		\$5,394	
7	\$4,055	\$4,865	\$5,474		\$6,082	
8	\$4,513	\$5,415	\$6,092		\$6,769	
9	\$4,971	\$5,965	\$6,711		\$7,457	
10	\$5,430	\$6,515	\$7,330		\$8,144	
Moun an Plis	\$458	\$550	\$619		\$688	

Remak: Yon eksklizyon jeneral \$20 aplikab nan chak pwogram sa yo. Moun yo ka gen jiska \$20 an plis nan revni yo pa travay pou yo (unearned income) epi yo ka pase tès revni an toujou. Lòt dediksyon revni, tankou sa ki fèt pou revni travay ak depans travay, ka aplikab selon sitiyasyon chak moun.

➤ **Ansyen Règleman**

DCF te konn detèmine kantite moun nan fanmi (oswa nan kay) baze sèlman sou revni moun yo t ap konte pou kalifikasyon an. Konsa, kantite moun nan kay la te limite sèlman ak moun yo te konsidere revni yo kòm revni aplikan an (mari ak madanm oswa paran ak pitit). Sa te fè kantite moun nan kay la piti, epi sa te redui limit revni ki aplikab yo, sa ki te rann li pi difisil pou moun kalifye.

➤ **Nouvo Règleman**

Kounye a, DCF sèvi ak kantite total moun ki nan fanmi an (oswa nan kay la) pou detèmine limit revni ki pral aplikab pou moun k ap aplike a.

❖ **"Gwosè Fanmi" nan nouvo Règleman an**

Kounye a, men jan yo defini kantite moun nan fanmi: moun k ap aplike a, mari oswa madanm aplikan an (si y ap viv ansanm), ak nenpòt lòt moun ki gen rapò ak yo pa san, maryaj, oswa adopsyon, k ap viv ak aplikan an epi ki depann sou aplikan an oswa sou mari/madanm li pou omwen mwaye nan sipò finansye yo.

Menm jan sa te ye nan ansyen règleman an, revni ak asèt lòt manm fanmi ki depandan sa yo **pa konte** kont moun k ap aplike a.

Egzanp

Sipoze yon moun ki gen 67 an ap aplike, li enskri nan Medicare epi li resevwa \$1,500 pa mwa nan benefis Retrèt Sekirite Sosyal. Aplikan an ap viv ak madanm li ki gen 59 an, ki gen yon travay a tan pasyèl kote li fè \$1,000 pa mwa, ak pitit li ki gen 21 an kote li fè \$500 pa mwa, epi ak pitit pitit li ki gen 1 an.

Daprè ansyen règleman an, se sèlman revni aplikan an ak madanm li yo ta konsidere pou detèmine kalifikasyon MSP aplikan an, epi limit revni (gade tablo a anwo a) ki t ap aplikab la t ap \$1,763 pou QMB, \$2,115 pou SLMB, ak \$2,380 pou QI-1.

Daprè nouvo règleman an, kantite moun nan kay la se kat (4) moun paske tout moun gen rapò pa san, epi pitit ki majè a ak pitit pitit la depann sou aplikan an ak madanm li pou omwen mwaye nan sipò finansye yo. Kidonk, limit revni an daprè nouvo règleman an se \$2,680 pou QMB, \$3,215 pou SLMB, ak \$3,617 pou QI-1 (gade tablo a anwo a).

Sa ki enpòtan se ke sèlman revni aplikan an ak mari oswa madanm li y ap itilize pou detèmine revni yo konte pou kay la.

Konsa, ogmantasyon nan kantite moun nan kay la rann li pi fasil pou aplikan an kalifye pou yon MSP.

Ou ka aplike pou yon MSP nan sistèm MyACCESS DCF la. DCF ofri yon fòm aplikasyon apa pou kouvèti MSP sèlman, men nou pa rekòmande pou w sèvi ak fòm sa a paske DCF poko revize li pou mete enfòmasyon sou tout manm fanmi an daprè nouvo règleman an.

Si ou bezwen èd legal, nou sijere pou ou kontakte biwo èd legal ki nan zòn ou an. Enfòmasyon sou pwogram èd legal yo atravè tout Florid la disponib isit la: **Pwogram Èd Legal nan Florid**. Florida Health Justice Project (FHJP) kapab ede tou nan kèk ka byen presi, prensipalman sa ki gen rapò ak kondisyon pou moun benefisye kouvèti asirans ak sèvis swen sante piblik (Medicaid, KidCare, oswa Swen Alontèm). Si ou ta renmen FHJP egzamine sitiyou ou an, tanpri ranpli fòm enskripsyon an liy nou an **isit la**. N ap egzamine demann ou an epi n ap fè ou konnen si nou kapab ede ou.